



**PEMERINTAH KABUPATEN KEDIRI**  
**DINAS PENDIDIKAN**  
**UPTD SMP NEGERI 2 TAROKAN**  
**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL**  
**TAHUN PELAJARAN 2021 / 2022**

**PETUNJUK UMUM**

1. Periksa Naskah Soal yang Anda terima sebelum mengerjakan soal yang meliputi :
  - a. Kelengkapan jumlah halaman dan urutannya.
  - b. Kelengkapan nomor soal dan urutannya.
  - c. Kesesuaian Mata Pelajaran yang di ujikan dengan Mata Pelajaran yang tertera pada Naskah maupun Lembar Jawab.
  - d. Jumlah soal setiap mapel 45 soal, terdiri PG 15 soal, PGK 5 soal, BS 10 soal, menjodohkan 10 soal, Uraian 5 Soal kecuali IPA dan MATEMATIKA 35 soal, terdiri PG 5 soal, PGK 5 soal, BS 10 soal, menjodohkan 10 soal, Uraian 5 soal.
2. Laporkan Kepada pegawai ruang apabila terdapat naskah soal yang tidak lengkap, tidak urut, Lembar Jawaban yang rusak dan minta gantinya!
3. Gunakan pensil 2B untuk mengisi lembar jawaban dengan ketentuan sebagai berikut :
  - a. Tuliskan Nama Anda pada kolom yang disediakan.
  - b. Tuliskan Nomor Peserta Penilaian Akhir Semester Gasal pada kolom yang disediakan!
  - c. Tuliskan Kelas / No. Presensi, pada kolom yang disediakan!
  - d. Tulislah paket soal pada lembar jawaban sesuai paket soal!
4. Jika terjadi kesalahan dalam memberi tanda silang (x) atau centang (✓), hapus sebersih mungkin dengan karet penghapus kemudian diganti yang menurut anda benar.
5. Saat mengikuti ulangan dilarang membawa dan menggunakan HP, Kalkulator, Tabel, maupun alat bantu hitung lainnya.
6. Periksa kembali pekerjaan Anda sebelum diserahkan pengawas ujian!
7. Lembar Jawaban tidak boleh dicorat – coret.
8. Berdo'alah sebelum mengerjakan soal!
9. Kerjakan dengan jujur, karena kejujuran adalah cermin akhlaq mulia!
10. Gunakan waktu yang terjadwal dengan sebaik-baiknya agar diperoleh hasil yang maksimal!

SELAMAT MENGERJAKAN SEMOGA SUKSES



**PEMERINTAH KABUPATEN KEDIRI**  
**DINAS PENDIDIKAN**  
**UPTD SMP NEGERI**  
**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL**  
**TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

**PAKET 2**

**Mata Pelajaran : Bahasa Jawa**  
**Kelas/Semester : VIII / 1**

**Hari, Tanggal : Sabtu, 11 Desember 2021**  
**Waktu : 60 menit**

**I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan kang paling bener!**

Teks wacan kanggo nomer 1-4  
Wacanen kanthi kebak pangrasa!

**KELAS 8 - K 13**

Mung siji kuwi sing bisa gawe ilange rasa sayah sawise nyambut gawe sedina ngrampungake tugas-tugas kantor sing kaya-kaya ora ana lerene. Mengko sedhela mesthi bakal keprungu swara mbrenginging saka dalan ngarep omah neng komplek perumahanku. Pak Wiryo. Bakul puthu bumbung mikul dodolane, mlaku alon saka kidul. Yen wis tekan ngarep omahku mesthi mandheg karo cluluk, "Puthu, Mas!" Aku banjur mbukak pager, mangan puthu karo lungguh ing buk ngarep omah. Pak Wiryo uga mandheg. Ngladeni wong - wong ing komplek perumahan sing padha tuku puthu bumbung.

Pak Wiryo padha karo aku. Padha-padha wong sing nyoba golek panguripan ing kutha gedhe kene, sing jarene nggon dhuwit. Mung bedane, aku bisa tuku omah, duwe rodha papat gaweyan Jepang modhel sing paling keru dhewe, nyambut gawe neng kantor sing ruwangane adhem. Dene Pak Wiryo ora.

Pak Wiryo crita, yen omahe ana ing mburi lapangan golf. Saben esuk lan sore nalika mangkat lan mulih saka kantor aku mesthi ngliwati tugu gedhe. Aku bisa ngerteni yen omahe Pak Wiryo mesthi sawijining kampung nempel karo tembok pager lapangan golf. Ora bisa diselaki yen panggon-panggon ngono kuwi bisa nekakna dhuwit yen digarap dening investor. Kompleks sandhinge panggonane Pak Wiryo wis digusur arep kanggo ngambakne lapangan golf. Wong-wong diwenahi ganti rugi sak cukupe (jenenge wae ganti rugi, mesti ya sacukupe). Coba yen jenenge diganti 'ganti untung'. Mula akeh wong-wong kampung kana sing ora sarujuk karo *pembebasan* tanah kuwi.

1. Kang ora kalebu paraga ing pethikan cekak kasebut yaiku...
  - A. Pak Wiryo
  - B. Aku
  - C. Mbok Wiryo
  - D. Investor

2. Sing dadi underane prakara yaiku masalah...
  - A. Golek panguripan ing kutha gedhe
  - B. Golek dhuwit ing pinggir lapangan golf
  - C. Bakul puthu bumbung
  - D. Gusuran kanggo ngambakake lapangan golf
3. Amanat kana ana ing pethikan cerkak kasebut yaiku...
  - A. Kita kudu sregep bakulan puthu
  - B. Kita kudu gawe omah cedhak lapangan golf
  - C. Kita kudu sregep golek panguripan
  - D. Kita kudu gelem rekasa golek dhuwit
4. Adhedhasar pethikan teks cerkak ing dhuwur, setting yaiku...
  - A. ing kutha gedhe
  - B. ing komplek cedhak lapangan
  - C. ing pinggir dalan wayah sore
  - D. Ing omahe Pak Wiryo.

Teks wacan kanggo nomer 5-8

Wacanen kanthi kebak pangrasa!

### BUDI DHEMEN TETULUNG

Dening: Om Pawit

Budi, minangka ketua kelas iku pancen sregep lan dhemen tetulung. Apa sing dadi tanggung jawabe sing magepokan karo tugase ketua kelas mesthi ditandangi kanthi beres. Lan, dheweke dhemen tetulung marang sapa wae tanpa pilih kasih.

Kanggo nyiapake ujian akhir, Bu Ani, guru wali kelase maringi gladhen soal-soal marang bocah-bocah. Diajab mangkone bocah-bocah ing taun iki bisa lulus kabeh kanthi biji sing maremake. Nanging, nalika Bu Ani arep mbagi gladhen soal, pranyata soale keru ing ndalem.

"Wadhuh cah, kertas soale kok keru nang ngomah, jare! " ature Bu Ani karo nggoleki kertas soal ing tase.

"Kula pendhetaken napa, Bu? " ujure Budi. Senajan ora didhawuhi, Budi gelem aweh pitulungan marang Bu Ani. Miturut Budi, iku mau uga salah sijine tugas ketua kelas.

5. Adhedhasar pethikan teks cerkak kasebut paraga utamane yaiku:....
  - A. Bu guru
  - B. Budi
  - C. Bu Ani
  - D. Wali kelas
6. Adhedhasar pethikan teks cerkak kasebut watake paraga utama yaiku: ....
  - A. Sregep sinau
  - B. Sregep kerja
  - C. Dadi wali kelas
  - D. Seneng tetulung

7. Konflik kang ana ing pethikan cerkak kasebut yaiku: ....
  - A. Arep ujian akhir
  - B. Budi seneng tetulung
  - C. Kertas soale Bu Guru kari
  - D. Salah sijine tugas ketua kelas
  
8. Adhedhasar pethikan teks cerkak kasebut, settinge yaiku: ....
  - A. Ing plataran sekolah
  - B. Arep budhal sekolah
  - C. Ing daleme Bu Ani
  - D. Ing kelas arep ulangan
  
9. Jarene Budi, bapak tindak Surabaya jam lima esuk karo Mas Arya. Ukara kasebut yen diowahi dadi ukara langsung yaiku: ....
  - A. Bapak tindak Surabaya jam 5 enjing kalih mas Arya
  - B. "Bapak tindak Surabaya jam 5 esuk karo Mas Arya". jarene Budi
  - C. Bapak tindak Surabaya jam 5 esuk karo mas Arya, kandhane Budi.
  - D. "Bapak tindak Surabaya jam 5 esuk, kalih mas Arya".
  
10. Pranyatan ing nomer 9, manut unggah-ungguh nganggo ragam basa apa?
  - A. ngoko lugu
  - B. krama lugu
  - C. ngoko alus
  - D. krama alus

Teks wacan kanggo nomer 11-13

Wacanen kanthi kebak pangrasa!


Budi : "Sugeng enjing, Pak.", ature Budi marang pak guru.


Guru : "Ya, Bud kok lagi ketok? Apa ora mlebu?" Pandangune pak guru


Budi : (karo ngguya-ngguyu) "Iggih leres, Pak, sampun tigang dinten kula sakit", pawangsulane Budi.

11. Manut unggah ungguh ragam basa kang digunakake Budi yaiku: ....
  - A. Ngoko lugu
  - B. krama lugu
  - C. ngoko alus
  - D. krama alus
  
12. Manut unggah-ungguh ragam basa kang digunakake Pak Guru yaiku: ....
  - A. Ngoko lugu
  - B. krama lugu
  - C. ngoko alus
  - D. krama alus

13. Kanggo ngapit angka Jawa ing ukara nganggo tandha apa?


A. 


B. 

C. | 

D. 

14. Ing ngisor iki kang kalebu aksara Swara Jawa yaiku: ....


A. 


B. 


C. 

D. 

15. Amir menyang India. Ukara kasebut yen ditulis aksara jawa, yaiku: ...

A. 

B. 

C. 

D. 

II. Wangsulana kanthi milih wangsulana kang bener cacah loro (2)!,  
Soal nomer 16-20



1. Sela : Assalamualaikum Bu Amin.
  2. Bu Amin : waalaikumsalam Mbak Sela.
  3. Sela : Bu Amin, nyuwun pangapunten, kula dhateng wande kados ingkang kita sepakati.
  4. Bu Amin : Ya Mbak, aku semaya dina Jum'at watara jam 12.00 ta?
  5. Sela : Inggih Bu Amin.
  6. Sela : Bu Amin sadèyan soto ayam wiwit taun pinten?
  7. Bu Amin : Wiwit tahun 2000
  8. Sela : Kenging punapa milih sadèyan soto ayam?
  9. Bu Amin : Kajaba dadi ciri khas daerah Kediri khususè Branggahan, goleke bahan lan carane ngolah uga gampang |
  10. Sela : Kenging napa diparingi nami "Berkah:?"
  11. Bu Amin : Supaya tansah oleh berkahe Gusti Allah.
  12. Sela : Wande niki bikak jam pinten ngantos jam pinten, Bu?
  13. Bu Amin : Rampung olah-olah watara jam sewelas, tutup watara jam sanga bengi. Yen sadurunge jam sanga wis entek, ya kukut.
  14. Sela : Bu Amin, napa ngladosi pelanggan?
  15. Bu Amin : Pelanggan sing ajeg ora ana, ning sing tuku saben dina ora tau sepi. Sok-sok ngladeni pesenan.
  16. Sela : Cocog kaliyan namine "Barokah" nggih, Bu. Napa rencana salajengipun?
  17. Bu Amin : Aamiin. Njaga ciri kas Soto Branggahan, saka rasane, mangkoke cilik lan sendhok bebek. Sukur bisa bukak Soto Ayam Branggahan "Barokah 2".
  18. Sela : Aamiin. Matur nuwun katranganipun, Bu. Kula kinten cekap, kula nyuwun pamit. Mugi-mugi Soto Barokah Branggahan tetep lestari lan saya ngrembaka. Dados ciri kuliner Kediri. Nyuwun pamit. Assalamualaikum wr.wb
  19. Bu Amin : Aamiin. Waalaikumsalam wr.wb.
16. Adhedhasar wujudè teks kasebut darani teks wawancara, kang mbuktekake yaiku: ....
- A. Wujud pitakon
  - B. Ana narasumber
  - C. Ana bakule
  - D. Ana sing tuku
17. Saka punggelane teks wawancara ing dhuwur iku sing kalebu ukara tanggap yaiku...
- A. Sela : Kenging napa diparingi nami Berkah?
  - B. Sela : Wande niki dibikak jam pinten?
  - C. Bu Amin : Goleke bahan uga gampang.
  - D. Bu Amin : Syukur bisa bukak soto Branggahan "Barokah 2".
18. Sing ora kalaebu ukara pitakon ing wawancara kasebut yaiku: ....
- A. Sela : Kenging napa milih sadèyan soto?
  - B. Bu Amin : Dadi ciri khas, goleke bahan gampang, ngolahe uga gampang.
  - C. Sela : Kenging napa diaringi nami "Berkah?"
  - D. Bu Amin : Supaya tansah oleh Berkahe Gusti Allah.

19. Gandheng karo jenenge Soto Berkak, apa rencana sabanjure kang ditindakake Bu Amin?

- A. Bukak berkah 2.
- B. Njaga mutu rasane.
- C. Mung ngladeni pesenan
- D. Nganggo mangkok lan sendhok.

20. Kepriye panemumu anane Soto Branggahan?

- A. Minangka ciri kuliner lokal.
- B. Nambah langganan kuliner.
- C. Barokah 2 nambah tenaga kerja.
- D. Tuku soto ayang mung ing Branggahan.

III. Pilihèn B yen pranyatan ngisor iki bener, lan S yen pranyatane salah!


21	Ukara tanduk : Dias ngusapi kringete kang dleweran ing pilingane.	B	S
22	Ukara tanggap : Dhompet sing ditemu Dias ing ngisor kursi sing dilungguhi mau tansah dadi pikiran.	B	S
23	Pada lingsa (∩) kanggo mungkasi ukara.	B	S
24	Pada lungsi (∩∩) anggo ngapit angka Jawa.	B	S
25	Pada     kanggo miwiti nulis ukara.	B	S
26	Wawancara kudu nggunakake basa krama alus.	B	S
27	Narasumber yaiku wong sing menehi katrangan/ berita.	B	S
28	Alise nanggal sepisan, tuladhane panyandra.	B	S
29	“nganggo masker, wisuh banyu resik, lan njaga jarak” tuladhane iklan layanan masyarakat.	B	S
30	“Ana perlu apa kok sajak wigati banget?” Tembung wigati tegese: gumun.	B	S

IV. Pranyatan-pranyatan ing ngisor iki golekana cocogane karo tembung kang wis kasedhiyakake!

31	Ton, tulung pundhutna kertas kuwi!	A. krama lugu B. krama alus C. ngoko alus
32	Aja pada tukaran ora becik!	
33	Sinaua yen karo dolanan HP ya ora bakal mudheng.	

34	Bu Rini, kados pundi caranipun masaraken kripik?	D. ukara agnya
35	Bu Rini nggoreng kripik gedhang agung.	E. ukara pamenging
36	Mugiman diparingi rongsokan pak guru.	F. Senajan sinau
37	Bapak ngendika: "Sinaua sing sregep ben pinter!"	G. ukara pitakon
38	↘    ↗	H. ukara tanduk
39	Ibu wingi tindak menyang Surabaya nitih sepur.	I. ukara tanggap
40	..... } ..... } ..... }	J. Sandhangan wiyanjana
		K. ukara langsung
		L. pada
		M. sandhangan swara
		N. sandhangan paten
		O. wiyanjana

V. Sarampunge nyemak teks ngisor iki, wangsulana pitakone!



41. Miturut fungsine iklan kaya ing ndhuwur diarani iklan : ....
42. Iklan ing dhuwur isine yaiku : ....
43. Perangan iklan kang sengaja ditonjolake supaya narik kawigaten diarani : ....
44. Perangan iklan kang nerangake pokok-pokok iklan sing dianggep wigati diarani : ....
45. Naskah utawa teks iklan kang ngiringi headline diarani : ....